

# KI CHWA W: TRANCHE ESPONTANE OUBYEN DEKLANCHMAN?

Yon èd pou pran desizyon pou moun ki gen yon gwosès ki sen epi ki pa gen okenn problem medikal ki merite deklanchman


## KISA TRAVAY ESPONTANE A YE?

Tranche espontane a kòmanse pou kont li epi se kò w ak bebe a ki alimante l. Li plis pwobab pou l fèt ant 37 a 42 semèn.

## ESKE LI NOMAL POU M DEPASE DAT AKOUCHMAN MWEN AN?

### WI!

San entèvansyon...



Li plis pwobab pou w gen yon gwosès ki dire pi lontan si se premye fwa ou ansent, si ou gen plis laj oswa si w te konn gen gwosès ki dire pi lontan.<sup>1</sup>

## KI CHWA M GENYEN?

- 1** Ret tann tranche a kòmanse poukont li
- 2** Planifye yon deklanchman ant 41 a 42 semèn
- 3** Mande deklanchman an anvan 41 semèn

## KISA DEKLANCHMAN AN YE?

Deklanchman an se lè founisè swen sante a eseye kòmanse tranche w la ak yon balon sèvikal oubyen medikaman olye li tann tranche a kòmanse poukont li.

## KILÈ YO REKÒMANDE YON DEKLANCHMAN TRANCHE NAN GWOSÈS KI AN SANTE?

Lekòl Obstetrik ak Jinekolojis Ameriken an rekòmande **pou yo ofri deklanchman ant 41 a 42 semèn epi li rekòmande deklanchman an sou 42 semen.**<sup>2</sup>

## KIYES KI AP CHWAZI SI M BEZWEN EPI KILE YAP FE DEKLANCHMAN POU MWEN?

- Se **chwa w** pou yo fè yon deklanchman pou ou, oubyen pou yo pa fè l, epi w ka chanje lide w.
- Founisè swen sante w la ka rekòmande w yon deklanchman pou sante w oubyen sante bebe w la. Ou ka mande rezon ki fè yo fè w rekòmandasyon sa epi deside si pou w di wi oubyen non.



# KISA M TA DWE KONNEN SOU CHWA SA YO?

## KIJAN SA YE POU TANN YON TRANCHE BRISTSOUKOU?

- Ret tann siy tranche yo lakay ou.
- Founisè swen sante w la ap ofri w plis ekzamen aprè 41 semèn.
- Sa ka pran 8-24 èdtan pou tibebe w la fèt (pafwa sa pran mwens tan, pafwa sa pran plis tan).


## KIJAN SA YE POU PWOGRAME DAT POU DEKLANCHMAN TRANCHE?

- Ou menm ansanm ak pwofesyonèl swen sante w la ap pran yon randevou pou fè deklanchman w lan.
- Pafwa dat ak lè ou vle a pa disponib oubyen ou bezwen chanje l.
- Li ka pran 2-3 jou jiskake bebe w la fèt (pafwa li pran mwens tan, pafwa li pran plis).
- Ka gen plis siveyans ak entèvansyon.

# KISA MWEN KA FÈ POU M EDE TRANCHE M DEKLANCHE?

## KISA MWEN KA FÈ POU M EDE TRANCHE M DEKLANCHE POU KONT LI?


- **Baleyaj manbràn** ap ogmante chans pou tranche w la kòmanse. Yon baleyaj manbràn enplike yon founisè swen sante ki ap fè tès vajinal epi fè mouvman an won nan zòn kòl matris la ak dwèt li.<sup>3</sup>



- **Estimilasyon pwent tete yo** (ak men oubyen ak yon ponp pou tire lèt) sanble ede.<sup>4</sup>
- **Akiponkti** ka ede.<sup>5</sup>

## KI MEDIKAMAN AK TRETMAN KI KA DEKLANCHE TRANCHE M?

- **Misoprostol** se yon konprime ki ede kòl matris la prepare l pou tranche. Ou kapab vale konprime a oswa yo kapab mete li anndan vajen w. Pafwa, misoprostol la ka lakoz kontraksyon.
- Yon **balon sèvikal** se yon tib ki gen yon balon yo mete anndan kòl matris la pou ede kòl matris la louvri tou dousman (dilate). Yo mete li pou jiska 12 èdtan pou ede kòl matris la prepare l pou tranche.
- **Oxytocin (Pitocin)** se yon medikaman yo kapab enjekte nan venn ou (IV) ki deklanche tranche ou epi ki deklanche kontraksyon.



**Poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon ou genyen sou opsyon sa yo.**



# KISA KI MENM NAN KELKESWA SA M CHWAZI A?

- Menm chans pou w bay tete.<sup>6</sup>
- Menm risk pou gen konplikasyon for baby (kriz, nemoni, blese, oubyen pwoblèm pou lè rive nan sèvo a).<sup>6</sup>
- Menm risk pou w gen blese ki grav nan vajen an.<sup>6</sup>
- Menm risk pou w bay anpil san aprè timoun nan fin fèt.<sup>6</sup>
- Menm risk pou w bezwen èd materyèl tankou fòsèp oubyen yon aspiratè pou yo ka mete bebe a deyò.<sup>6</sup>

Reflechi ak sa  
ki plis konte  
pou ou.



## KI DIFERANS KI GENYEN POU MWEN AK POU BEBE M NAN?

1

### Ret tann tranche a kòmanse poukont li

- Diminye petèt sou posiblite pou itilize medikaman pou doulè lè w gen tranche.<sup>6</sup>




- Pwobableman ap gen **plis satisfaksyon pou sante w**.<sup>7</sup>
- **Petèt mwens tan nan lopital** la avan w akouche bebe w la.
- Ka gen **rezon pèsònèl ki fè w prefere yon deklanchman bonè**.


2

### Planifye yon deklanchman ant 41 a 42 semèn

- Diminye sou posiblite pou bebe w la entène nan inite swen entansif (NICU) lan oswa pou l ta mouri.<sup>6</sup>



- Deklanchman ki fèt pafwa avan 41-42 semèn lan **petèt diminye sou posiblite pou akouchman pa sezaryèn**.<sup>6,8</sup>



# KISA KI KA EDE M CHWAZI?

Reflechki ak kisa ki enpòtan pou ou, poze pwofesyonèl swen sante w la kesyon w genyen, epi fè li konnen kisa ou chwazi.

Nan ki nivo sa enpòtan pou mwen?	Pa Enpòtan	Yon ti jan Enpòtan	Enpòtan Anpil	Pa Sèten
Kite tranche a kòmanse poukont li				
Fè bebe m nan pi bonè olye de pi ta				
Mwens tan nan lopital la ak mwens entèvansyon ki te itilize èd desizyon an.				
Risk ki pi ba pou mwen ak ti bebe mwen an apre 41-42 semèn				
Rezon pèsònèl ak/oswa kiltirèl				
Lòt bagay...				

## KESYON AK REMAK MWEN YO:

---

---

---

---

---

---


---

---

---

---

## Nan moman sa m panche sou... (antoure youn oswa plizyè opsyon toudepannde sa w santi ki apwopriye a)



### Kijan nou te elabore èd pou desizyon sa?

Se yon gwoup ekspè nan domèn sante piblik ak medikal ki te kreye èd desizyon sa a. Li te teste epi modifiye dapre komantè founisè swen prenatal ak fanm ansent

Otè prensipal: Dr. Ann Peralta (MPH, DrPH)

Kontribitè prensipal yo se te: Kari Radoff (CNM), Emily Bearse (CNM, MPH), ak Dr. Jennifer Pfau (MD)

Pifò ilustrasyon yo se The Educated Birth ki fè yo

Dènye mizajou:

Mas 2022

Pwochen mizajou ki planifye:

Mas 2024

### Sous

- Jukic AM, Baird DD, Weinberg CR, McConaughy DR, Wilcox AJ. Length of human pregnancy and contributors to its natural variation. *Adv Access Publ* August. 2013;28(10):2848-2855. doi:10.1093/humrep/det297
- American College of Gynecologists and Obstetricians (ACOG). Practice Bulletin No. 146. *Obstet Gynecol*. 2014;124(2, PART 1):390-396. doi:10.1097/01.aog.0000452744.06088.48
- Finucane EM, Murphy DJ, Biesty LM, et al. Membrane sweeping for induction of labour. *Cochrane Database Syst Rev*. 2020;2020(2). doi:10.1002/14651858.CD000451.pub3
- Kavanagh J, Kelly AJ, Thomas J. Breast stimulation for cervical ripening and induction of labour. *Cochrane Database Syst Rev*. 2005;(3). doi:10.1002/14651858.cd003392.pub2
- Smith CA, Armour M, Dahlen HG. Acupuncture or acupressure for induction of labour. *Cochrane Database Syst Rev*. 2017;2017(10). doi:10.1002/14651858.CD002962.pub2
- Middleton P, Shepherd E, Morris J, Crowther CA, Gomersall JC. Induction of labour at or beyond 37 weeks' gestation. *Cochrane Database Syst Rev*. July 2020. doi:10.1002/14651858.CD004945.pub5 \*NICU and perinatal death rates calculated using the GRADE system to convert relative risks with the SWEPI study as the baseline risk estimate
- Coates D, Goodfellow A, Sinclair L. Induction of labour: Experiences of care and decision-making of women and clinicians. *Women and Birth*. 2020;33:e1-e14.
- Sotiriadis A, Petousis S, Thilaganathan B, et al. Maternal and perinatal outcomes after elective induction of labor at 39 weeks in uncomplicated singleton pregnancy: a meta-analysis. *Ultrasound Obstet Gynecol*. 2019;53(1):26-35. doi:10.1002/UOG.20140